



NY State of Health Konekte Rezidan New York avèk yon Asirans Sante Ki Pa Twò Chè

Nou ede ou konpare plan sante yo epi jwenn pwoteksyon ki bon pou ou ak fanmi w.

NY State of Health ofri plan avèk prim ki ba oswa plan ki pa gen okenn prim, sèvis prevansyon gratis, pa gen kopèman pou swen prensipal, ak pri ki ba pou preskripsyon yo. Gen èd finansyè federal elaji ki disponib pou diminye depans pou asirans sante pou plis Rezidan New York.

PWOGRAM YO GEN LADAN YO:

- 1 Medicaid
- 2 Child Health Plus
- 3 Essential Plan
- 4 Qualified Health Plans

Lè ou ap enskri, prepare enfòmasyon sa yo pou tout manm fanmi ou an:

- ✓ Dat Nesans
- ✓ Nimewo sekirite sosyal oswa, pou imigran legal, nimewo dokiman yo si yo disponib
- ✓ Enfòmasyon sou travay, revni, ak asirans sante kote ou ap travay lan esponsòriz

Kontakte nou pou enskri oswa pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ale sou nystateofhealth.ny.gov
- Rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
- Jwenn èd gratis nan men yon moun k ap ede pou enskripsyon an. Jwenn youn (1) nan <https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor>

Enfòmasyon pou Moun Ki Enskri yo

Si ou enskri nan yon asirans sante gras ak NY State of Health, rete konekte yon fason pou ou pa rate mizajou enpòtan, tankou lè moman an rive pou renouvle pwoteksyon ou an.

- 1** Enskri pou jwenn alèt nan mesaj tèks.
Pou ou enskri, ekri START voye bay 1-866-988-0327
- 2** Fè mizajou nan enfòmasyon ki sou kont ou an.
Asire ou NY State of Health gen adrès postal, nimewo telefòn ak adrès imèl aktyèl ou ki ajou, yon fason pou yo kapab kontakte ou konsènan asirans sante ou an.
 - Rele nan 1-855-355-5777 (TTY: 1-800-662-1220)
 - Konekte sou kont ou an nan nystateofhealth.ny.gov
 - Kontakte yon asistan pou enskripsyon Jwenn youn (1) sou <https://info.nystateofhealth.ny.gov/findassistor/>
- 3** Lè ou wè NY State of Health kontakte w, se moman pou ou aji pou asirans sante ou an.
Verifye bwat resepsyon ak bwa postal ou pou w kapab jwenn enfòmasyon ak avi enpòtan.
Suiv eksplikasyon yo epi renouvle pwoteksyon ou an anvan dat limit lan.

**NOU LA POU EDE W!
SI OU GEN KESYON, KONTAKTE NOU.**

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa nan Eta a, epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans oswa relijyon, sèks, laj, eta matrimonyal oswa sityasyon familyal, kazye jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktimitè vyolans nan kay epi/oswa vanjans.